

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Diajar mangrupa parobahan tingkah laku peserta didik akibat ayana interaksi antara individu jeung lingkunganna ngaliwatan pangalaman jeung latihan (Iskandarwassid & Dadang Sunendar, 2008, kc. 5). Dina pangajaran basa dipikawanoh aya opat aspék kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Nulis nya éta nyieun aksara atawa angka dina keretas jsté ku parantina (LBSS, 2007, kc. 498). Nurutkeun Iskandarwassid & Dadang Sunendar (2008, kc. 291), kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan panghéséna dibandingkeun jeung tilu kaparigelan lianna.

Aksara Sunda minangka salah sahiji warisan titinggal karuhun anu kudu dimumulé jeung dipiara minangka wujud tina kabeungharan budaya. Ngamumulé aksara Sunda gé aya dina Peraturan Daérah no 5 taun 2003 ngeunaan pemeliharaan basa, sastra, jeung aksara daérah. Salian ti éta nulis aksara Sunda gé jadi matéri wajib nu aya di kelas hiji SMA/MA/SMK. Ku kituna, aksara Sunda dipiharep ngageuing siswa ngeunaan jati dirina salaku nonoman Sunda anu miboga kawajiban miara, ngajaga, ngariksa, jeung ngaraksa aksara Sunda.

Kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda téh masih kurang hadé. Ieu hal disababkeun ku kurangna variasi dina métode pangajaran jeung guru nu nitah siswa belajar jeung ngerjakeun tugas ngeunaan aksara Sunda tina LKS.

Sangkan dina prosés diajar-ngajar ngeunaan aksara Sunda teu monoton jeung bisa ningkatkeun karep siswa kana diajar, digunakeun hiji métode pangajaran. Nurutkeun Komalasari (2011, kc. 56), métode pangajaran nya éta cara nu digunakeun pikeun ngaimpléméntasikeun rarancang nu geus disusun dina wangun kagiatan nyata jeung praktis pikeun ngahontal udagan pangajaran. Métode pangajaran téh rupa-rupa, di antarana métode kolaborasi.

Nurutkeun Smith jeung Mac Gregor (dina Suyatno, 2009, kc. 47) “*Metode Kolaborasi didasarkan pada asumsi-asumsi mengenai proses belajar siswa adalah belajar itu aktif dan konstruktif, belajar itu tergantung pada konteks, siswa itu beraneka latar belakang dan belajar itu bersifat sosial*”. Kolaborasi adalah ajang bertegur sapa dan bersilaturahmi ilmu pengetahuan (Alwasilah, 2013, kc. 25). Salian ti éta kolaborasi gé disebut diajar babarengan (*social learning*). Dina métode kolaborasi siswa bisa silih koréksi atawa menerkeun kasalahan-kasalahan nu ditulis ku siswa séjén. Jadi, ku cara maké ieu métode dipiharep siswa ningkatkeun deui kamampuh dina maca jeung nulis aksara Sunda.

Panalungtikan nu geus aya ngeunaan aksara Sunda jeung métode kolaborasi nya éta:

- 1) “Éféktifitas Média Visual dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda di Kelas X SMK BPP Bandung Taun Ajaran 2009/2010” ku Firman Setia Budi;
- 2) “Éféktivitas Modél Nulis Kalimah dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas X Mesin SMK Al-Falah Kota Bandung Taun Ajaran 2010/2011)” ku Andi Gita Lesmana;
- 3) “Métode Latihan pikeun Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Ékspérimén di Kelas X SMA Negeri 10 Bandung Taun Ajaran 2011-2012)” ku Dede Riza Nurjaman.
- 4) “Modél Pangajaran Nulis Résénsi Novel Ngagunakeun Métode kolaborasi ka Siswa SMAN 24 Bandung Taun Ajaran 2007/2008” ku Muhammad Reza Ardana.

Dumasar skripsi nu aya di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, can aya panalungtikan skripsi nu ngagunakeun métode kolaborasi pikeun nulis aksara Sunda, dipiharep ku ayana panalungtikan ngeunaan “Éféktivitas Métode Kolaborasi dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Eksperimen Murni ka Siswa Kelas X SMAN 1 Warungkiara Taun Ajaran 2013/2014)” bisa dijadikeun alternatif dina ngungkulan masalah nulis aksara Sunda di kalangan murid SMA.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, aya sababaraha hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, diantarana:

- 1) guru jarang ngagunakeun métode pangajaran nu matak ngirut siswa nu antukna siswa ngarasa bosen;
- 2) guru nu ngan saukur nitah siswa belajar jeung ngerjakeun tugas ngeunaan aksara Sunda tina LKS; jeung
- 3) siswa masih ngarasa hésé dina ngapalkeun, maca, jeung nulis aksara Sunda sarta maké rarangkénna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina panalungtikan mangrupa hiji hal anu penting. Rumusan masalah dina ieu panalungtikan ditétélakeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas X SMAN 1 Warungkiara dina pangajaran nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun métode kolaborasi di kelas ékspérimén, jeung saméméh jeung sabada ngagunakeun métode ceramah di kelas kontrol?
- 2) Naha aya beda anu signifikan dina kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X SMAN 1 Warungkiara antara kelas ékspérimén saméméh jeung sabada ngagunakeun métode kolaborasi, jeung kelas kontrol saméméh jeung sabada ngagunakeun métode ceramah?
- 3) Naha métode kolaborasi téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X SMAN 1 Warungkiara.

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji éféktifitas métode kolaborasi dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda di SMA, sangkan bisa dijadikeun alternatif dina ngungkulan masalah nulis aksara Sunda di kalangan murid SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa kelas X SMAN 1 Warungkiara dina pangajaran nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun métode kolaborasi di kelas ékspérimén, jeung saméméh jeung sabada ngagunakeun métode ceramah di kelas kontrol;
- 2) bédana kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X SMAN 1 Warungkiara antara kelas ékspérimén saméméh jeung sabada ngagunakeun métode kolaborasi, jeung kelas kontrol saméméh jeung sabada ngagunakeun métode ceramah; jeung
- 3) éféktivitas métode kolaborasi dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa kelas X SMAN 1 Warungkiara.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta sangkan méré sumbangan pikeun sistem pendidikan, dina hal ieu milih métode pangajaran nu éféktif dina ngajarkeun nulis aksara Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikaweruh pangaruhna hiji métode pangajaran, nya éta éféktivitas métode kolaborasi pikeun pangajaran nulis aksara Sunda.

2) Pikeun Guru

Ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa mikaweruh hiji métode pangajaran anu bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda, sangkan leuwih ngirut tur nyumangetan peserta didik pikeun nulis jeung ngagunakeun aksara Sunda anu bener tur merenah.

3) Pikeun nu Maca

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban wawasan jeung pangaweruh, hususna ngeunaan éféktivitas métode kolaborasi pikeun pangajaran nulis aksara Sunda.

4) Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Ngaliwatan ieu panalungtikan, pangajaran Basa jeung Sastra Sunda jadi leuwih euyeub ku sarupaning métode pangajaran anu hadé, lantaran ieu métode kauji ngaliwatan hiji panalungtikan.

1.5 Sistematika Nyusun Skripsi

Bab I

Bab I mangrupa bab anu munggaran dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeunana panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan.

Bab II

Bab II mangrupa bab anu ngabahas ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan tiori nulis, aksara Sunda, jeung métode kolaborasi.

Bab III

Bab III mangrupa bab anu ngabahas ngeunaan métodologi panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan sacara leuwih jembar katut desain panalungtikanna, variabel jeung wangenan operasionalna, téhnik panalungtikan, instrumen panalungtikan, populasi jeung sampel panalungtikan, ogé carana ngolah data hasil panalungtikan.

Salian ti éta, bab III jadi dadasar pikeun nyusun bab IV lantaran antara bab III jeung bab IV miboga pakuat-pakait anu tangtu.

Bab IV

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan. Dina ieu bab diébréhkeun sagemblengna hasil tina panalungtikan anu dilaksanakeun. Hasil atawa henteuna panalungtikan bisa katitén tina ieu bab.

Bab V

Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran anu ditepikeun pikeun nu maca. Éta saran téh miboga tujuan pikeun kahadéan ka hareupna.